

## Si Ou Bezwen Èd Legal

Ou ka kalifye pou sèvis GBLS si pwoblèm legal ou se yon pwoblèm sivil, yon pwoblèm ki pa kriminèl, si w ap viv nan zòn sèvis la, epi si revni ou pa depase 125% Gid Federal Revni Povrete. (Kliyan ki se granmoun aje ak moun ki nan Medicare pa depannde gid revni.) Nou ofri èd legal ki kòmanse depi nan konsèy pou rive nan reprezantasyon okonplè, selon bezwen an. Ekip nou an separe an inite ki gen espètiz legal pou pi byen rezoud pwoblèm kliyan nou yo genyen.

## Kontakte Nou

### Biwo yo:

#### Greater Boston Legal Services

197 Friend Street  
Boston, MA 02114  
617.371.1234 Fax: 617.371.1222  
TDD: 617.371.1228

#### Cambridge and Somerville Legal Services

60 Gore Street, Suite 203  
Cambridge, MA 02141  
617.603.2700 Fax: 617.494.8222  
TDD: 617.494.1757

[www.gbls.org](http://www.gbls.org)

### Èd legal pou moun ki gen laj 60 tan ak plis:

Telefòn: 1.866.778.0939

Gen entèprèt ki disponib pou moun ki pa pale Anglè.

## Zòn Sèvis Greater Boston Legal Services



GBLS bay èd legal sivil (ki pa kriminèl) gratis pou moun ki pa touche ase nan Boston ak pou transteyen lòt vil ak vilaj. GBLS gen yon zòn sèvis agrandi pou granmoun aje (60 tan ak plis) ki gen vilaj sa yo ladan: Acton, Bedford, Boxborough, Burlington, Carlisle, Concord, Harvard, Lexington, Lincoln, Littleton, Maynard, North Reading, Reading, Stow, ak Wilmington.

GBLS kapab sèvi kliyan li yo gras ak bon jan finansman nou resevwa nan Massachusetts Legal Assistance Corporation, United Way of Massachusetts Bay ak Merrimack Valley, Area Agencies on the Aging, anpil fondasyon, sosyete, ak bon jan kontribisyon moun ak kabinè avoka ki toupatou nan zòn Boston.

GBLS aksepte don avèk rekonesans, epi ou ka reklame don yo nan taks ou. Tanpri kontakte nou.

A GBLS orgulha-se de ser apoiada por:



United Way  
of Massachusetts Bay  
and Merrimack Valley

  
GREATER BOSTON  
LEGAL SERVICES  
*...ak jistis pou tout moun*



*Nap bay èd legal sivil  
(ki pa kriminèl) kalite siperyè,  
pou moun pòv ki nan Boston  
Metwopoliten*

## Aksè nan Lajistis

Chak jou, avoka GBLS ak paralegal yo bay konsèy legal enpòtan ak reprezantan pou moun ki pa touche ase revni. An plis, gen dè milie lòt fanmi ak individi nan Massachusetts ki benefisye nan jan de defans GBLS antreprann yo. Men kèk rezilta yo ki gen sikse:

- Adopsyon yon lwa ki bay zouti enpòtan pou ede konsève anpil apatman lojman ki pa chè epi ki nan risk pou yo pèdi yo nan lwaye dapre pri mache a;
- Plis pwoteksyon pou pwopriyetè kay Massachusetts nan sezi-ipotèk, ak pwoteksyon nan degèpisman pou lokatè Massachusetts ki nan bilding labank sezi;
- Plis pase 200 travayè yon chèn sipè-makèt te resevwa \$750,000 dola nan salè yo dwe yo ak nan travay siplemanntè;
- Ouvriye jounalye yo ak travayè pou yon ti tan yo te jwenn kounye a non patwon yo, salè pa èdtan y ap touche a, nenpòt frè y ap fè yo peye, ak nenpòt kondisyon danjere nan espas travay la; epi
- Pi bon pwoteksyon kont ajans rekouvreman dèt pou moun ki pa touche ase revni epi ki dwe lajan, tankou moun ki andikape ak granmoun aje.

## Bezwen An

Malgre tout travay ekstrawòdinè GBLS, sa pa ase. Chak nou, twa (3) posib kliyan sou senk (5) ki gen reklamasyon legal ki valab jwenn refi akòz yon mank resous anbochaj, epi yo pa gen okenn lòt kote pou yo pou chèche jistis. Akòz finansman ki pèdi, depi ane 2008, GBLS te dwe elimine 31 pòs travay, sa ki mete restriksyon sou mwayen nou pou ede moun pòv yo.

## Domèn Travay

GBLS bay èd legal enpòtan pou anpil pwoblèm grav fanmi ak moun pòv yo genyen, tankou granmoun aje yo ak moun andikape yo. Domèn prensipal travay nou gen ladan:

**Inite Dwa Konsomatè – Defans ak edikasyon kominote pou kliyan ki pa touche ase revni:** Konsantrè sou pwoblèm ki gen pou wè ak kriz sezi-ipotèk, angajman nan travay legal

ak defans ki vize pou evite sezi-ipotèk, pou kenbe pwopriyetè kay ki pa touche ase revni nan kay yo, ak kontestasyon jeneral pou pratik predate ak diskriminatwa nan prè yo.

**Inite pou Granmoun Aje, Sante ak Andikap – Pwoteksyon dwa granmoun aje yo, pwoteksyon aksè nan swen sante ak benefis pou andikap:** Bay defans sou non granmoun aje yo, moun ki andikape, ak fanmi yo, fè pwomosyon pou aksè nan bon kalite swen sante, revni Sekirite Sosyal ak Revni Sekirite Siplemanntè [Supplemental Security Income (SSI)], ak lojman ki pa chè pou granmoun aje yo. Ap travay pou kenbe moun yo, sitou granmoun aje yo deyò enstitisyon epi pou amelyore kalite lavi a pou moun k ap viv nan enstitisyon yo. *Medicare Advocacy Project* travay sou dosye ki konsène aksè nan benefis Medicare ak benefis asosye. *Children's Disability Project* reprezante anpil timoun yo mal ay refi pou SSI. Priyorite defans jeneral Inite a gen ladan refòm nan titèl, asire dwa rezidan k ap viv nan kay retrèt, amelyore aksè nan sèvis lopital ak sèvis transpò pou moun ki andikape, epi asire aksè nan swen sante pou tout gwoup laj yo.

**Travay – Pwoteksyon dwa travayè ki pa touche ase:**

**GBLS ede kliyan yo nan ka ki konsène:** Move refi pou benefis chomaj; vyolasyon lwa sou salè ki lakòz yo vòlè salè travayè yo; ak deba sou taks ki gen pou wè ak revni travay oswa pwoblèm pou resevwa Kredi nan Taks sou Revni Pwofesyonèl [Earned Income Tax Credit (EITC)], nan Pwojè èd pou Kontribiyab ki pa Touche Ase [Low-Income Taxpayer Assistance Project]. GBLS defann chanjman tou nan lwa, règ, ak règleman ki gen efè negatif sou travayè ki pa touche ase yo.

**Lwa sou Zafè Fanmi – Pwoteksyon, sekirite, endepandans finansye:** GBLS bay èd legal ak reprezantasyon pou moun ki viktim nan vyolans nan kay (DV) epi ki pa touche ase ak pou pitit yo pou yo ka mennen yon lavi ekonomik dirab san abi. GBLS travay sou pwoblèm legal ak piblik ki lakòz DV kont viktim yo pandan anpil tan epi nou bloke wout yo pou bay yo sante fizik ak sante emosyonèl ak endepandans ekonomik.

**Lojman – Pwoteksyon lojman pou moun ki pa touche ase:**

GBLS bay priyorite pou dosye defans degèpisman, sitou sa ki konsène lojman piblik ak lojman ki sibvansyon; nou ede lokatè ki pa touche ase lajan jwenn aksè nan lojman piblik ak lojman ki sibvansyone; nou reprezante lokatè yo ak ansyen pwopriyetè pwopriyete labank sezi; nou jwenn epi konsèveabri pou fanmi sanzabri yo epitou nou ede yo jwenn lojman ki pèmanan ak dirab; nou defann moun ki viktim nan DV yo pou pwoteje chwa lojman yo; epitou nou ede asosyasyon

lokatè yo konprann règleman lojman yo, epi nou ede chanje règleman ki enjis yo.

**Imigrasyon – Pwoteksyon dwa moun:** GBLS bay reprezantasyon legal ak defans sou non imigran ki pa touche ase yo epi k ap chèche refij pèmanan ak refij sèten, moun ki ka viktim nan vyolans nan kay, ak timoun ki pa akonpaye. Objektif li yo se pou pèmèt kliyan GBLS vin gen papyè, epi pou yo vin gen kondisyon legal nan Etazini.

**Èd Sosyal – Pwoteksyon yon pwogram sekirite revni ak èd nan tranzisyon pou travay:** GBLS reprezante moun ak fanmi pou ede yo jwenn e konsève benefis ki pèmèt yo suviv, tankou Èd Pwovizwa pou Fanmi ki gen Timoun Depandan [Transitional Aid to Families with Dependent Children] ak pwogram Asistans Lajan kash an ljan pou Granmoun Aje, Moun andikape ak Timoun [Emergency Aid to the Elderly, Disabled and Children], Koupon pou achte manje [Food Stamps] ak lòt èd ki gen rapò ak gadri timoun, edikasyon e pwogram fòmasyon; yo ede tou nan defans chanjman règleman ak pratik ki ka redwi bariè jeneral pou jwenn aksè ak benefis piblik yo.

## Pwogram/Pwojè Espesyal

GBLS gen anpil pwogram pou asire aksè nan lajistis pou moun ki gen baryè espesyal, epi li bay èd ak asistans pou popilasyon espesyal yo. Anpil avoka ak paralegal GBLS pale Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Chinwa, ak/oswa Vyetnamyen. GBLS bay entèprèt nan lòt lang yo tou.

**Inite Èd pou Azyatik yo:** Bay oryantasyon ak èd legal pou prèske 1,000 imigran azyatik ki pa touche ase chak ane, pou yo jwenn epi konsève pifò bezwen debaz pou yo ak fanmi yo.

**Pwojè Enfòmasyon sou Dosye Delenkan Kriminèl [Criminal Offender Record Information (CORI)]:** Ede moun ki nan kominote Boston ki pi pòv yo sele dosye kriminèl yo; metrize baryè pou jwenn travay, lojman, benefis, edikasyon, ak lòt posiblite; epi aprann dwa yo kòm yon rezilta refòm CORI ki te anvigè nan mwa me 2012.

**Dwa Moun ki Pwoblèm Sante Mantal ak Moun ki Andikape:** Bay èd legal pou adilt ak timoun ki gen andikap mantal tankou nan zafè diskriminasyon, dwa pou sèvis sante mantal ak lòt sèvis ki baze nan kominote nan ajans eta a ak ajans lokal, dwa enstitisyonèl, ak edikasyon espesyal.